

## DIVIZYON SÈVIS JISTIS KRIMINÈL ETA NEW YORK (NEW YORK STATE DIVISION OF CRIMINAL JUSTICE SERVICES)

### Règleman ak Pwosedi pou Resevwa ak pou Reponn Plent kont diskriminasyon ke Anplwaye, Kliyan, Kliyan sèvis oswa Patisipan Pwogram Sou-benefisyè yo depoze

#### Objektif

Objektif dokiman sa a se dekri règleman ak pwosedi ki pèmèt anplwaye, kliyan, kliyan sèvis ak patisipan nan pwogram sou-benefisyè finansman ki soti nan Depatman Jistik Etazini (U.S. Department of Justice) (DOJ) kapab depoze yon plent kont diskriminasyon nan Divizyon Sèvis Jistik Kriminèl Eta New York (New York State Division of Criminal Justice Services) (ki rele "DCJS" annapre la a) ak pwosedi DCJS pou reponn plent kont diskriminasyon sa yo.

Lwa federal egzije pou ajans leta k ap administre lajan DOJ konsève metòd administrasyon alekri pou asire ke sou-benefisyè yo konfòme yo avèk lwa dwa sivil federal ki aplike pou sa. Sa gen ladan asire lòt benefisyè yo pa fè diskriminasyon nan sèvis ni nan pratik bay travay.

#### Règleman ak Lwa Ki anrapò ak sa

DCJS obeyi règleman ki di moun ki kalifye pou pwogram gen dwa pou patisipe nan pwogram ak aktivite DOJ finanse yo kèlkeswa ras, koulè, peyi kote yo soti, sèks, reliyon, andikap fizik oubyen mantal ak/oswa laj, e sou-benefisyè yo pa kapab fè diskriminasyon nan travay sou baz sa yo. Se poutèt sa, DCJS ap mande pou sou-benefisyè ki gen finansman federal yo respekte lwa ak règleman sa yo:

- Title VI of the Civil Rights Act of 1964 (PL 88-352) (42 U.S.C. §§ 2000d-2000d-7) (Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil)
- The Omnibus Crime Control and Safe Streets Act of 1968 (PL 90-351) (Rekèy Lwa 1968 pou Kontwòl Krim ak Lari san danje)
- Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973 (PL 93-112) (29 U.S.C. § 794) (Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon)
- Title IX of the Education Amendment of 1972 (PL 92-318) (20 U.S.C. §§ 1681-1688) (Tit IX Amannman 1972 sou Edikasyon)
- Title II of the Americans with Disabilities Act of 1990 (PL-101-336) (42 U.S.C. §§ 12131-12165) (Tit II Lwa anfavè Ameriken Andikape)
- The Age Discrimination Act of 1975 (PL 94-135) (Lwa 1975 sou Diskrimnasyon dapre Laj)
- The DOJ Regulations on the Equal Treatment for Faith-Based Organizations (28 C.F.R. part 38) (Règleman DOJ sou Tretman Egal pou òganizasyon reliye); ak
- Executive Order 13166, Limited English Proficiency (Dekrè Prezidansyèl 13166, Konpetans Limite nan Angle).

Lwa sa yo entèdi diskriminasyon ak vanjans kont yon moun poutèt li pran mezi oswa li patisipe nan mezi pou garanti dwa ki pwoteje pa lwa sa yo.

## **Definisyon**

Pou règleman ak pwosedi plent kont diskriminasyon DCJS la, tèm sa yo ap gen siyifikasyon yo ki site anba la a.

1. Tèm "administratè aksyon pozitif la (affirmative action administrator)" (ki rele "AAA" annapre la a) siyifi moun DCJS deziyen pou asire yo aji sou plent yo resevwa yo nan lè yo dwe fè li.
2. Tèm "diskriminasyon" an siyifi yon zak tretman enjis, ilegal e entansyonèl yo bay yon moun sou baz ras, koulè, sèks, reliyion, peyi kote l soti, laj oswa andikap fizik oubyen mantal.
3. Tèm "vanjans" lan siyifi zak pèsekisyon, menas, desann grad, revoke oswa vize nan lòt fason yon pleyan kòm konsekans dirèk pleyan an ki kont diskriminasyon ilegal.

## **Kalifikasyon pou Pou pote yon plent kont Diskriminasyon bòkote DCJS**

Nenpòt moun ki kwè yo anpeche li patisipe nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki resevwa finansman federal ke sou-benefisyè DCJS administre, nenpòt moun yo refize benefis oubyen sèvis, oswa yo refize li travay anrapò avèk pwogram sa yo poutèt ras li, koulè, sèks, reliyion, peyi kote l soti, laj oswa andikap fizik oubyen mantal, moun sa ka depoze yon plent kont diskriminasyon bòkote DCJS annakò avèk règleman e pwosedi ki dekri nan dokiman sa a. Plent yo dwe depoze nan DCJS anvan 180 jou fin pase apre diskriminasyon an te fèt.

## **Kontni Plent kont Diskriminasyon**

Pleyan an dwe soumèt plent lan alekri nan DCJS. Lè plent lan soumèt nan lòt fason ki pa imèl, li dwe siyen epi li dwe gen enfòmasyon sa yo:

- Non ak enfòmasyon pou kontakte pleyan an
- Non enstitisyon l ap pote plent pou li a
- Enfòmasyon pou kontakte enstitisyon an, ki gen ladan non moun pou kontakte (si sa posib)
- Baz plent lan (ras, koulè, sèks, reliyion, peyi kote moun soti, laj oswa andikap fizik oubyen mantal)
- Dat la(yo) diskriminasyon an te fèt
- Deskripsiyon evènman oswa sikonstans ki te lakòz pleyan an kwè yo te fè diskriminasyon kont li
- Solisyon pleyan an ap chèche

Ou ka dawounlod Règleman ak Pwosedi sa a ansanm ak fòm pou pote plent kont diskriminasyon yo nan lyen sa yo: <http://www.criminaljustice.ny.gov/crimnet/mail.htm> oswa <http://www.criminaljustice.ny.gov/ofpa/contact.htm>

Ou ka soumèt yon plent pa imèl nan adrès imèl sa a: [civilrights@dcjs.ny.gov](mailto:civilrights@dcjs.ny.gov) Fòm pou pote plent ki soumèt pa imèl pa bezwen siyen paske soumèt pa imèl reprezante yon siyati.

Lòt chwa, plent yo ka depoze nan lèt pa lapòs. Adrès lapòs la se:

NYS Division of Criminal Justice Services  
Office of Legal Services  
80 South Swan St  
Albany, NY 12210

Pa gen okenn obligasyon pou yon pleyan itilize fòm pou plent lan pou depoze yon plent nan DCJS. Yon lèt oswa yon imèl ki gen enfòmasyon ki nesesè yo ap sifi.

### **Fason DCJS Trete Plent**

1. Lè li resevwa plent lan, AAA DCJS la, an konsiltasyon avèk Biwo konsèy DCJS pral egzaminen plent lan pou asire ke yo bay enfòmasyon anrapò ak plent lan, ke plent lan depoze alè, e li ranpli kondisyon konpetans pou yon plent kont diskriminasyon, sètadi li dwe gen pou wè ak yon reklamasyon pou diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, sèks, reliyon, peyi kote moun soti, laj oswa andikap fizik oubyen mantal ke yo fè kont yon sou-benefisyè finansman DOJ.
2. Anvan 15 jou ouvrab fin pase apre li resevwa plent lan, DCJS pral sètifye li resevwa li epi 1 ap enfòme pleyan an ke li te pran mezi ki apwopriye.
3. DCJS ap voye plent lan nan Biwo Dwa Sivil (Office of Civil Rights), ki nan Biwo Pwogram Jistis, nan Depatman Jistis Etazini (ki rele “OCR” annapre la a) epi 1 ap kowòdone ak OCR sou mezi apwopriye ki dwe pran.
4. DCJS ka rejte yon plent kont diskriminasyon pou rezon sa yo:
  - Pleyan an mande retire plent lan.
  - Pleyan an pa reponn demann yo fè e refè pou enfòmasyon ki nesesè nan pwosesis plent lan.
  - Yo pa jwenn pleyan an apre tantativ rezonab.

### **Pwosedi ak Kondisyon Jeneral pou Pote Plent kont Diskriminasyon nan Enstitisyon ki Andeyò DCJS**

Apa chwa pou depoze yon plent kont diskriminasyon nan DCJS, ou ka depoze plent kont diskriminasyon dirèkteman nan yon tribunal, ou ka depoze l tou nan Biwo Administrasyon Eta ak Federal annapre la yo, ki gen kòm wòl fè respekte lwa eta ak federal ki entèdi diskriminasyon:

- Biwo Dwa Sivil nan Depatman Jistis (Department of Justice Office of Civil Rights) (OCR) <http://www.justice.gov/actioncenter/complaint.html>
- Komisyon pou Chans Egalego pou jwenn Travay (Equal Employment Opportunity Commission) (EEOC) <http://www.eeoc.gov/employees/charge.cfm>
- Divizyon Dwa Moun nan Eta New York (New York State Division of Human Rights) (DHR) [http://www.dhr.state.ny.us/how\\_to\\_file\\_a\\_complaint.html](http://www.dhr.state.ny.us/how_to_file_a_complaint.html)

Si w vle depoze yon plent kont diskriminasyon, ou dwe konsilte ajans administrasyon Eta oswa federal obyen tribunal kote ou gen entansyon depoze reklamasyon w lan pou konnen delè ki aplike yo. Si w pa depoze reklamasyon w lan nan delè ki aplike yo, sa ka lakòz yo rejte reklamasyon an.

### Pwosedi Sou-benefisyè pou Diskriminasyon

Règleman federal mande pou sou-benefisyè finansman federal yo gen règleman ak pwosedi an plas pou okipe plent pou diskriminasyon ke anplwaye, kliyan, kliyan sèvis oswa patisipan pwogram fè. Sou-benefisyè yo dwe gen pwosedi doleyans etap-pa-etap alekri ki abòde fason moun nan piblik la ka depoze yon plent, fason enstitisyon an fè ankèt sou yon plent, kimoun ki responsab fè ankèt la, kimoun ki responsab pou fè konklizyon yo, ak delè pou bay rezulta yo. Anplwaye DCJS yo ap verifye sou-benefisyè yo pou asire yo respekte lòd sa a. DCJS pral di sou-benefisyè a mankman li genyen yo e fè rekòmandasyon pou pote koreksyon. Ominimòm, repons yon sou-benefisyè bay pou yon plent dwe gen ladan bagay sa yo:

1. Anvan 15 jou ouvrab fin pase, sètifye alekri li resevwa plent lan.
2. Endike ki ajans ekstèn yo pral voye plent lan ba li pou ankèt (DCJS, DHR, EEOC oswa OCR).
3. Endike peryòd pou voye plent lan ba yon enstitisyon ekstèn pou ankèt.
4. Enfòme pleyan an ke li ka depoze plent pou diskriminasyon dirèkteman nan DCJS, DHR, EEOC, OCR oswa nan tribunal.
5. Bay yon kopi pwosedi sou-benefisyè a genyen pou plent kont diskriminasyon.

Sou-benefisyè yo dwe enfòme DCJS alekri anvan 15 jou ouvrab fin pase sou nenpòt plent kont diskriminasyon ki pa refere pou ankèt e di pou ki rezon yo pa fè referans lan.

### Fòmasyon

DCJS pral bay fòmasyon pou sou-benefisyè yo sou obligasyon yo gen pou pa fè diskriminasyon nan pratik sèvis oubyen travay sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, relijjyon, sèks, andikap oswa laj. Yo ka òganize fòmasyon sou demann sou-benefisyè a epi yo ka bay fòmasyon an nan fòm asistans teknik apre yon vizit siveyans. Materyèl fòmasyon yo ap disponib nan sesyon yo oswa yo ka mande anplwaye pwogram DCJS yo. Tout dosye fòmasyon apwopriye pral konsève jan li presize nan lwa oswa règleman ki aplike pou sa. Sou-benefisyè yo responsab asire tout anplwaye, kliyan, kliyan sèvis ak patisipan pwogram yo konnen pwosesis pou plent kont diskriminasyon ki egziste deja. Sou-benefisyè yo ka distribye enfòmasyon ba anplwaye, kliyan, kliyan sèvis ak patisipan pwogram lè yo afiche pwosedi yo sou sit entènèt ajans la, lè yo ba yo referans sou règleman kont diskriminasyon nan materyèl sansibilizasyon pou kliyan, lè yo ba yo yon kopi pwosedi a pandan fòmasyon, oubyen lè yo distribye pwosedi yo ba nouvo anplwaye pandan oryantasyon oswa nan lòt fason ki apwopriye.